



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 7 mas 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$23 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU RANFÒSE
PWOTEKSYON BÓ LANMÈ NAN PAK ETA ROBERT MOSES AK WON PWEN AN**

***Rekonstitisyon sab ak estabilizasyon plaj yo sovegade reparasyon dijans ki te fèt imedyatman apre
pasaj Sandy ak ede rebati New York pou yon nouvo reyalite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te atribye \$23 milyon dola nan finansman federal pou kòmanse enfrastrikti pwojè pwoteksyon ak estabilizasyon plaj nan Pak Eta Robert Moses nan Konte Suffolk, Long Island. Pwogram lan pral nourri plaj pak la ak ranfòse limit bò plaj yo pwoteje won-pwen Robert Moses ak Pakway Oseyan kont pwochen tanpèt, kòm pati nan efò eta pou re-imagine New York pou yon nouvo reyalite nan tan.

“Destriksyon ki te koze pa gwo tanpèt Sandy nan Pak ak plaj Long Island yo te san presedan e pwosesis alontèm pou rebati a ap kontinye jodia,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Ete ki sot pase a, nou te pran yon etap enpòtan nan rekouvremant apre tanpèt sandy lè nou te repare ak relouvri pakway Oseyan ki te gravman andomaje ak Pak Eta Robert Moses pou sezon touristik ki chaje a. Kounye a, avèk nouvo finansman federal sa a, nou kapab bati sou reparasyon dijans avèk mezi ki pral ranfòse ak pwoteje enfrastrikti natirèl nan pak la kont pwochen tanpèt. Sa a se yon pati esansyèl nan efò nou ki pa non sèlman rebati, men pou re-imagine plaj ak pak eta nou yo pou yon nouvo reyalite—asire ke Pak Eta Robert Moses rete yon destinasyon kotyè popilè pou Nouyòk ak vizitè yo.”

Pwojè a enkli pou mete 600,000 mètr kibik sab nan Pak Eta Robert Moses pou nourri plaj yo, amelyore mòn sab kòtplaj yo, pwoteksyon nan won pwen an, ak restore vejetasyon natif natal la. Bato Kanal Eta pral drage pou jwenn yon estimasyon de 400,000 mètr kibik sab, pandan lap anmenmtan amelyore navigasyon nan kanal la. Anplis, eta pral eksplòre gwo kamyon jiska 200,000 mètr kib nan sit la ki soti nan yon pwojè drage ki ankou nan zile Inlet Fire.

“Pak Eta Robert Moses se yon destinasyon touris enpòtan ak esansyèl pou kalite lavi Long Island e mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Cuomo pou pwoteje l,” te deklare Komisyone Biwo Prezèvasyon

Haitian Creole

Istorik ak Pak Rekreyason Rose Harvey. “Non sèlman pwojè sa pral pi byen pwoteje reparasyon yo nou te fè jiska prezan, estrateji eta nan rebati avèk mòn sab kotplaj ak sab natirèl pral amelyore plant natif natal ak abitasyon pou bèt ak pwoteje bote kotyè zòn lan.”

“Envestisman enpòtan sa a pral ede restore ak reskonstitye plaj la, non sèlman nan bay opòtinite rekreyasyonèl valab pou rezidan yo, men atravè mwayen natirèl, li pral pwoteje sistèm wout ak tou dlo a ki vital pou aksè pou plizyè milyon vizitè nan Pak Eta Robert Moses ak nan kominote avwazinan li a,” te deklare Direktè Rekouvremant Tanpèt Jamie Rubin. “Eta a pral delavan pou anonse pwojè rekouvremant enfrastruktir adisyonèl nan mwa kap vini yo.”

Avèk achèvmant Pwojè Robert Moses ak lòt pa Depatman Transpòtasyon Eta ak Enjenyè Army Corps ansanm avèk Gilgo, Vilaj Babylon ak sipèvizyon plaj yo, 3,4 milyon mètr kibik sab ta pral itilize pou restore ak amelyore 7.5 kilomèt plaj ak mòn kot plaj ki adjasan ak pak la ak Oseyan Parkway.

Sab yo retire nan Bato Kanal Eta pral itilize pou nourir tè 3, 4 ak 5 plaj, bati mòn kot plaj ozanviwon won pwen an, ak kreye yon rezèz ijans sab. Dragaj kanal la espere pou l kòmanse nan fen semèn sa a e li pral nan pwogramasyon jiska mwa jen. Sab la pral mete ak klase sou plaj la jiska 1^{ye} Avril apres estoke pou pwochen itilizasyon. Netwaye gwo depo sab anba kanal la pral genyen benefis ajoute pou amelyore navigasyon nan zòn dlo popilè pou bato rekreyasyon ak lapèch. Lòt pwojè rekouvremant dezans kapab pouswiv avèk finansman ki disponib.

Senatè Ameriken, Charles Schumer te deklare, “Pak Eta Robert Moses se youn nan gwo mèvèy Long Island, men malerezman li te devaste pa gwo tanpèt Sandy. Finansman federal sa a pral esansyèl nan ede nou rebati plaj la, pwoteje wout evakyasyon dijans ak fòtifye baryè Long Island ki aji kòm yon plak pwotèj nan rivaj sid kominote long Island yo.”

Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te deklare, “Pak Eta Robert Moses te frape fò pa Gwo tanpèt Sandy e enfrastruktir li te sibi domaj ki grav anpil. Finansman enpòtan sa a, ki pral ede ranfòse zòn kotyè Long Island, se yon etap enpòtan pandan nap kontinye satisfè bezwen New York pou rekipere ak rebati.”

Depite Tim Bishop te deklare, “Li absoliman enpòtan ke nou pap sèlman kontinye repara domaj ki te koze pa gwo tanpèt sandy men nou pral egalman asire ke reparasyon ki deja fèt yo pral rete entak. Mwen kontan paske mwen wè eta ap pran etap enpòtan sa ak ale delavan pou kontinye travay nan zòn kotyè Long Island.”

Senatè Phil Boyle te deklare, “Li esansyèl ke nou fè kèlkeswa sa ki nesèsè pou restore ak pwoteje plaj delika nou an ak vejetasyon natirèl la. Anplis, siklòn Sandy te montre nou kijan Pak Eta Robert Moses gen anpil valè nan pwoteje tè kominote yo ki ta sibi menm pi gwo destriksyon ankò men pou baryè enpòtan plaj la.”

Manm Asanble Joseph Saladino te deklare, “Pwogram sa a esansyèl pou fòtifye resous nou yo ak pwoteje nouvo enfrastruktir ki te ranplase a. Yon bonis ajoute se lefè ke bato kanal Eta nou an te drage

Haitian Creole

ak refòtifye mòn kot plaj yo. Sa a reprezante yon vikwa pou oswa amatè plaj yo, abita nan anviwonman nou an ak kapitèn bato yo. Mwen apresye efò Gouvènè a pou asire ke resous enpòtan sa yo pwoteje ak prepare pou sezon kap vini an.”

Manm Asanble Andrew Garbarino te deklare “Pwogram sa a pral amelyore ekipman aktyèl yo nan Pak Eta Robert Moses pandan lap egalman pwoteje vwa aksè yo a pwoksimite nan ka pwochen dezas. Mwen onore pou m patisipe avèk Gouvènè. Cuomo nan pran mezi pou rebati, pwoteje ak amelyore gran kominote nou yo la nan Long Island.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Finansman sa yo pral ede nou rebati Konte Sufflok pi solid ak pi entelejian nan amelyore enfrastrikti ak restore defans natirèl nou yo. Pak Eta Robert Moses se yon aktif rekreyasyon enpòtan pou plizyè santèn ak milye fanmi e grasa planifikasyon entelijan Gouvènè Cuomo ak patnè eta ak federal nou yo, nou pral pi byen pwoteje pati esansyèl sa a nan kominote nou an.”

Efò agresif Eta New York pou restore Pak Eta Robert Moses souliye enpòtans endistri touris nan Long Island. Plis pase 3.2 milyon moun te vizite Pak la nan 2012, fè li vin tounen twazyèm pak eta ki pi popilè nan New York. Yon resan etid pa Inivèsite Massachusetts nan Amherst te jwenn ke Pak Eta New York te jenere \$1.9 milya dola nan aktivite ekonomik chak ane, enkli \$410 milyon nan depans ak 3,990 djòb sektè prive nan Long Island.

Pwoksimite Captree State Park marina, adjasan a bato Kanal Eta, te vizite pa 1.1 milyon moun ane pase e li loje Captree Fleet, ki genyen 24 ti bato biznis lapèch ki se yon atrè enpòtan pou aktivite lapèch nan lanmè. Yon rapò 2013 pa Asosyasyon Ameriken lapèch spòtif te konstate ke lapèch nan lanmè Eta New York te gen yon enpak ekonomik de preske \$2 bilyon dola e li te sipòte plis pase 15,000 djòb. Anplis, yon 2004 etid New York Sea Grant te jwen ke bato lwazi nan Eta New York genyen yon enpak ekonomik anyèl de \$1.8 milyon dola e li te reprezante 18,700 djòb.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèvize 179 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 60 milyon moun ki vizite yo chak ane pou plis wondòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyasyon sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite www.nysparks.com, konekte sou Facebook, oswa swiv sou Twitter.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418